



# Vodrey

Depatman: Lwès

Vodrey se yon kominote riral ki nan komin Site Soley. Se yon kominote kiltivate biologik - yo pa itilize okenn pwodwi chimik. Yo devlope plizyè teknik pou pwoteksyon anviwonman, tankou kiltivasyon banbou, ak twalèt konpòs. Depis 2004 yo gen yon sistem mikro-finans kominote ki tre devlope ki rele "mutuelle de solidarite".




## Kisa lòt kominote ka aprann de Vodrey?

\* Kiltivasyon bannann fig biologik

\* Mutuelle de solidarite ak mikwo kredi kominote

Wozo Ayiti: Rasin Chanjman



### Istwa kominote a:

Vodrey se yon kominote nan Nò Site Soley ki te yon abitasyon pou HASCO (Haitian American Sugar Company) jiska ane 1990, le te gen anpil enstabilite nan peyi a. HASCO te femen, e nan ane 1994 kan te preske fin detwi sou tè a. Apre sa moun te komanse plante jaden sou tè a. Kounye a la, 1000 moun rete Vodrey, e 98% popilasyon nan viv pa agrikilti.

Rivyè Griz se yon de pi gwo resous kominote a genyen (li pemet yo wouze jaden yo preske tout lane), men li poze yon gwo danje pou yo tou. Rivye Griz pa byen jere pa leta, donk apre gwo lapli Rivye a konn debode e inonde kominote Vodrey. Li konn lakoz anpil dega. Lòt pi gwo pwoblèm moun Vodrey yo genyen se Toutyè, depo fatra leta ki toupre yo. Apre kolera te vini, kominote a te vreman santi li riske e pa te gen okenn efò pa leta oswa lòt gwo enstans pou pwoteje pèp Vodrey.

### Yon rezime de travay k ap fèt

APFBBVM (Asosyasyon Plantè Fig Bannann Byologik Vodrèy Moleya)

Sa moun te plis konn kiltive se banan ak fig-banan. Yo pa te itilize okenn bagay chimik nan pwodik-syon, e yo te konn itilize konbit depi le komansman.

Yo te jwenn 2 patnè enpotan anpil : yon agwonòm ki rele Paul Durette, e yon òganizasyon ki rele FLM (Federasyon Literyen Mondyal), ki te ede kiltivate jwenn fòmasyon nan Sen Domeng pou agrikilti biolojik. Aprè fòmasyon sa a yo te kreye Asosiyasyon Plantè Fig Bannann Biolojik Vodrèy Moleya. Yo te jwenn ed FLM pou konstwi yon biwo ak yon atelye konpos.

Depi dat sa a , yo kontinye resevwa fòmasyon sou agrikilti biolojik e yo pataje sa a ak kominate a. Yo te fè patneship ak "mutuelle de solidarite" yo e kèk lòt patnè tankou FLM ak IIK pou etabli yon pepinyè pyebwa pou distribiye ak kominate a, yon « jaden anba kay » pou montre moun yo kijan pou fe agrikilti pwoteje, yon atelye konpos vè a, yon sistèm irigasyon gout-a-gout, ak yon pepinyè banbou pou plante bo Rivye Grise pou fè konsèvasyon sòl ak pwoteksyòn bej yo.





## **REMUSOV (Regroupman de Mutuelle de Solidarite de Vodrey)**

Nan ane 2004, Agwonòm Paul te we ke kiltivate Vodrey te bezwen plis akse ak kredi agrikol pou yo grandi jaden yo, men jan de kredi sa a pa fasil nan peyi Ayiti. Li te ede yo jwenn yon organizasyon ki te bay yo yon fomasyon sou sak rele yon "mutuelle de solidarite".

Yo te komanse ak yon sèl "mutuelle" nan ane 2004, e mutuelle sa a te telman reyisi ede mamb li avanse, preske tout moun nan kominote a te vle patisipe nan yon mutuelle. Kounye a la, gen plis ke yon douzen mutuelle nan Vodrèy ki regwoupe majorite gran-moun nan kominote a. Yo gen kèk ki spesifik pou yon aktivite ekonomik (yon pou kiltivate, yon pou ti machan, yon pou moun ki fe elvaj), e plizye ki melanje. Mutuelle yo te deside regroupe tet yo e yo te kreye REMUSOV (Regroupman de Mutuelle de Solidarite de Vodrey), ki ede mutuelle yo met tèt yo ansamn pou reyalize yon pakèt aktivite kominote a. Se REMUSOV ak kontribisyon mutuelle yo ki te pemèt kominote a achte poto kouran ak fil kouran pou elekrifye Vodrey. REMUSOV ede mobilize mutuelle yo pou lot pwoje kominote tankou sa yo fe ak asosi-yasyon plantè.

Kontak:

Gardy Guerrier, presidan REMUSOV. Tel: 3709-5630  
Jn Hudson Rene, sekrete REMUSOV. Tel: 3665-7467